







NAVIGÉ TRANZISYON EDIKASYON BONÈ NAN MASSACHUSETTS





Kòman ekip swen ak lidè paran ka ankouraje tranzisyon reyisi soti nan yon entèvansyon bonè rive nan yon edikasyon espesyal

Nan MA ti bebe ak jèn bebe (0-3) ki nan risk reta devlopman gendwa kalifye pou sèvis **Early Intervention (EI)**. Espesyalis adomisil EI yo devlope ak swiv yon **Individualized Family Service Plan (IFSP)** ki fèt espesyalman pou abòde bezwen ki baze sou konpetans sosyal, konpòtman timoun nan. Rive laj twa lane, yo re-evalye tout timoun ki te enskri nan EI pou detèmine si wi ou non yo kalifye pou sèvis yo nan kad yon **Individualized Education Program (IEP)** oswa yon **504 Plan** lè yo ale lekòl (PreK-12). Sèvi ak zouti sa a pou ede fanmi rezoud pwoblèm pandan tranzisyon gwo enpòtans!

| KESYON KOMEN | | ENFÒMASYON EKIP SWEN KA PATAJE | |
|---|---|---|--|
|  | "Pitit mwen an te fèt avan lè. Li te resevwa sèvis terapi lapawòl ak okipasyonèl depi l te fèt nan men Espesyalis EI. Li te devlope ak sipò anplis la epi li te atenn tout objektif li. Poukisa li te sispann resevwa sèvis la lè li vin genyen twa lane?" |  | Ta sanble li pa t reponn ak kalifikasyon aksantye ki kòmanse ak laj 3 lane yo. Timoun ki genyen laj 0-2 lane ki anba gwo risk reta devlopman gendwa kalifye pou IFSP pou sipòte devlopman yo. Sèvis yo souvan genyen devlopman timoun, terapi langaj, terapi okipasyonèl ak sipò fanmi. Nan MA, Early Intervention Division nan MDPH kowòdone sèvis sa yo jiskaske timoun nan rive genyen laj 3 lane. Imedyatman yo genyen 3 lane timoun nan dwe reponn ak pi gwo estanda kalifikasyon pou li kontinye sèvis la nan kad IEP, oswa Plan 504. |
|  | "Timoun 3 lane mwen an ki gen Otis gen laj depase pou EI men li poko ase gran pou Kindègadenn. Kòman yo ka kontinye resevwa sèvis yon fason pou yo pa fè bak?" |  | Li gendwa kalifye pou yon edikasyon espesyal anfans bonè IEP. Yon timoun ki gen laj 3-6 lane ke andikap li rann li difisil pou li patisipe nan preskolè ak aktivite gadri gendwa kalifye pou Early Childhood Special Education. A laj 3 lane EI ka refere yo bay distri lekòl lokal la pou evalye bezwen yo kontinye genyen. Sèvis yo souliye nan yon IEP fòmèl, alekri, epi yon ekip re-evalye li chak ane. Sèvis yo souvan genyen ladan yo chanjman nan anviwònman oswa kourikouloum nan, epi pafwa li genyen plasman rezidansyèl ak transpò. |



NAVIGÉ TRANZISYON EDIKASYON BONÈ NAN MASSACHUSETTS

| KESYON KOMEN | ENFÒMASYON EKIP SWEN KA PATAJE |
|--|---|
| <p> "Mwen te enskri timoun 6 lane mwen an ki gen reta nan lapawòl nan Kindègadenn. Nou te konn resevwa sèvis adomisil, global twa fwa pa semèn avan sa. Kijan mwen ka asire m ke yo resevwa sipò edikasyon apwopriye nan Kindègadenn?"</p> | <p> Tranzisyon soti nan anfans bonè rive nan sipò ki baze nan lekòl gendwa difisil pou fanmi yo. Objektif la chanje soti nan ede tout fanmi an sipòte "pwogrè devlopman" adomisil ki fokalize sou "pwogrè akademik" timoun nan lekòl. Pou rezon sa a, IEP raman genyen ladann menm nivo sipò adomisil, ki baze sou sipò fanmi parapò ak IFSP yo. Sa gendwa yon chanjman difisil pou fanmi ki te santi founisè sèvis yo sipòte yo anvan sa.</p> |
| <p> "Lè mwen te enskri pitit mwen an ki genyen ADHD nan Kindègaden, lekòl la te kreye yon Plan 504 ki kouvri tout bezwen li. Mwen tande yo di IEP pi bon. Èske m ta dwe mande pou yo antre nan IEP pito?"</p> | <p> Sa depan si wi oubyen non Plan 504 la deja reponn ak bezwen endividyèl timoun nan. Pifò lekòl (piblik ak prive) gen obligasyon bay moun andikape aksè egal nan pwogram yo. Plan 504 la mande pafwa pou fè eksepsyon ak règ yo (tan anplis nan yon tès oswa otorizasyon pou pote yon ponp) ak chanjman nan anviwònman fizik yo (aksè ak yon ranp oswa yon biwo espesyalize). Pwomotè k ap travay ak timoun ki pa genyen sèvis espesifik, men ki bezwen yo, ka sipòte fanmi yo pandan y ap ede yo mande yon evalyasyon pou ni yon IEP ak Plan 504. Sa pral ede yo chwazi yon plan ki pi apwopriye pou reponn ak tout bezwen pitit yo.</p> |

RESOUS EDIKASYON KLE NAN MASSACHUSETTS

- [MA Dept of Elementary & Secondary Education](#)
- [Ed Law Project](#)
- [Children's Law Center of MA](#)
- [Federation for Children with Special Needs](#)
- [MA Appleseed Center for Law & Justice](#)